

DOKIMAN BRIGHT FUTURES ► PARAN

VIZIT 15 MWA

Men kèk lide ekspè Bright Futures yo genyen ki ka gen anpil valè pou fanmi ou.

✓ PALE AK PALE AK SANTIMAN

- Eseye bay chwa. Pèmèt pitit ou chwazi ant 2 bon opsyon, tankou yon fig oswa yon pòm, oswa ant 2 liv li pi renmen.
- Konnen ke li nòmral pou pitit ou a pa santi li alez ozalantou nouvo moun. Asire w ke w konsole pitit ou.
- Pran tan pou tèt ou ak patnè ou.
- Jwenn sipò nan men lòt paran yo.
- Montre pitit ou kijan pou l sèvi ak mo.
 - Sèvi ak ekspresyon ki senp, ki klè pou pale ak pitit ou.
 - Sèvi ak mo senp pou pale sou foto nan yon liv lè w ap li.
 - Sèvi ak mo pou dekri santiman pitit ou.
 - Dekri jès pitit ou ak mo.

✓ YON BON NWIT SOMÈY

- Mete pitit ou dòmi a menm lè chak swa. Bonè pi bon.
- Fè lè anvan li dòmi an gen lanmou ak kalm.
- Se pou ou gen yon woutin senp pou dòmi ki gen ladan yon liv.
- Eseye ranje pitit ou nan kabann lè li gen dòmi.
- Pa bay pitit ou yon bibwon nan kabann.
- Pa mete yon televizyon, òdinatè, tablèt oswa telefon selile nan chanm pitit ou.
- Evite bay pitit ou yon atansyon si li reveye nan mitan lannwit. Sèvi ak mo pou kalme li epi bay yon dra oswa yon jwèt pou li kenbe pou konfò.

✓ KRIZ KÒLÈ AK DISIPLIN

- Sèvi ak distraksyon pou sispann kolè lè ou kapab.
- Fè lwanj pou pitit ou lè li fè sa ou mande l fè ak pou sa li ka fe pou kont li.
- Mete limit epi sèvi ak disiplin pou anseye ak pwoteje pitit ou, pa pou pini li.
- Limite nesosite pou di "Non!"; pou sa, fè lakay ou ak lakou ou san danje pou li jwe.
- Aprann pitit ou pou pa frape, mòde, oswa fè lòt moun mal.
- Se ou ki pou aji jan ou ta renmen pitit ou aji.

✓ DAN AN SANTE

- Mennen pitit ou pou yon premye vizit dantè si ou poko fè sa.
- Bwose dan pitit ou de fwa chak jou ak yon ti kouch pat dantifris fliyò, pa plis pase yon grenn diri.
- Sevre pitit ou nan bibwon.
- Bwose pwòp dan ou. Evite pataje tas ak kiyè ak pitit ou. Pa netwaye sison li nan bouch ou.

Resous Itil: Liy Èd Pwazon: 800-222-1222

Enfòmasyon Sou Syèj Sekirite Machin: www.safercar.gov/parents | Liy Dirèk san frè sou Sekirite Oto: 888-327-4236

VIZIT 15 MWA—PARAN



SEKIRITE

- Asire w ke chèz sekirite machin pitit ou ap fè fas ak dèyè jiskaske li rive nan pi gwo pwa oswa wotè fabrikan chèz sekirite machin lan otorize. Nan pifò ka yo, sa a pral byen pase dezyèm anivèsè nesans la.
- Pa janm mete pitit ou sou chèz devan yon machin. Se chez deye machin yo ki genyen plis sekirite.
- Tout moun ta dwe mete yon senti sekirite nan machin nan.
- Kenbe pwazon, medikaman, ak gazon ak bagay pou netwaye nan kabinèt ki fèmen akle, kote pitit ou a pa ka we yo ni rive jwen yo.
- Mete nimewo Èd Pwazon nan tout telefòn, tankou telefòn selilè. Rele si ou enkyete pitit ou vale yon bagay danjere. Pa fè pitit ou vomir.
- Mete pòtay sou tèt ak anba mach eskalye yo. Enstale gad fenèt ki opere sou fenèt depi nan dezyèm etaj la ak pi wo. Kenbe mèb lwen fenèt yo.
- Vire manch chodyè yo nan direksyon dèyè recho a.
- Pa kite likid cho sou tab ak nap ke pitit ou ta ka rale desann.
- Se pou ou gen alam lafimen ak monoksid kabòn ki fonksyone sou chak etaj. Teste yo chak mwa epi chanje pil yo chak ane. Fè yon plan pou fanmi an evakye ankake gen dife lakay ou.

KISA POU KAP VINI NAN VIZIT 18 MWA TIMOUN OU AN

Nou pral pale avek ou sou:

- Ki jan pou timoun ou jere moun li pa konnin fikse limit, ak konnen kilè yo kòmanse fòmasyon pou pou apran li twalet pou kont li
- Ki jan pou ede li apran li pale ak kominike
- Pale, li, epi sèvi ak tablèt oswa smatfòn ak pitit ou
- Manje bon kalite manje
- Kenbe pitit ou an sekirite lakay ou, deyò, ak nan machin nan

Bagay ki konsistan ak *Bright Futures: Guidelines for Health Supervision of Infants, Children, and Adolescents*, 4th Edition

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan <https://brightfutures.aap.org>.

American Academy of Pediatrics

DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



Enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa dwe itilize kòm yon ranplasan pou swen medikal ak konsèy pedyat ou. Ka gen varyasyon nan tretman ke pedyat ou ka rekòmande ki baze sou reyalyte ak sikonstans endividyèl. Dokiman orijinal enkli kòm yon pati nan *Bright Futures Tool and Resource Kit*, 2nd Edition.

Enklizyon nan dokiman sa a pa vle di yon andòsman de American Academy of Pediatrics (AAP). AAP pa responsab pou kontni resous ki masyone nan dokiman sa a. Adrès sit entènèt ki bibliye yo aktyèl, men yo ka chanje a nenpòt ki lè.

American Academy of Pediatrics (AAP) pa revize oswa andose okenn modifikasyon ki fèt nan dokiman sa a epi nan okenn ka AAP a pa dwe responsab pou nenpòt ki chanjman sa yo.

Tradiksyon sa a te posib gras ak gwo sipò manm yo, anplwaye yo, ak biznis ki fè don pou AAP Friends of Children Fund.

Haitian Creole translation of *Bright Futures Parent Handout: 15 Month Visit*. © 2019 American Academy of Pediatrics.

© 2022 American Academy of Pediatrics. Tout dwa rezève a otè a.